



University Hospital of Brooklyn

**Patricia A. Winston, MS, RN, NEA-BC, FACHE**  
Interim SVP and Managing Director  
University Hospital of Brooklyn

**University Hospital of Brooklyn**  
**College of Medicine**  
**School of Graduate Studies**  
**College of Nursing**  
**School of Health Professions**  
**School of Public Health**

26 jen 2020

Konsènan: Nouvo Règ sou Restriksyon Vizit

**YON MESAJ POU PASYAN AK FANMI NOU YO KI NAN**  
**UNIVERSITY HOSPITAL OF BROOKLYN**

Mèsi paske nou chwazi University Hospital of Brooklyn (UHB) pou satisfè bezwen nou nan zafè swen sante. Nan UHB, nou angaje nou nan sekirite pasyan, anplwaye ak fanmi nou yo.

Pou nou pwoteje tout moun kont transmisyon kowonaviris la, nou aplike plizyè mezi sekirite jan Depatman Sante Eta New York (State Department of Health, DOH) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande sa.

Nou kontan pou nou rekonèt enpòtans kokennchen wòl pwòch yo jwe nan maladi a ak pwoesis retablisman an, epi nou vle agrandi avantaj sa a nan yon mannyè ki kontinye garanti byennèt ak sekirite tout moun.

Zafè vizit la kapab prezante yon danje pou pasyan ak vizitè yo. Kidonk, nou ankouraje oumenm ak fanmi ou konsidere lòt metòd komunikasyon yo, tankou telefòn oswa FaceTime, imèl oswa mesaj tèks oubyen kèk lòt sistèm mesaj videoyo.

**A. Pasyan ki Entène yo:**

Yo otorize tout pasyan ki entène yo gen yon (1) vizitè alafwa pandan yon total kat (4) èdtan ant 12:00 PM rive 8:00 PM chak jou.

**EKSEPSYON pou Pasyan ki Entène yo:**

- Tout pasyan ki pozitif pou COVID yo:** Yo pa p otorize OKENN vizitè sof pou tranche ak akouchman, pedyatri, ak sitiyasyon pou mete fen nan lavi.
- Pasyan ki nan sitiyasyon pou mete fen nan vi yo:** yon (1) vizitè alafwa; yo pral fè konsiderasyon espesyal pou moman vizit yo.
- Pasyan ki gen andikap entèlektyèl/developmantal yo:** yon (1) vizitè alafwa; yo pral fè konsiderasyon espesyal pou moman vizit yo.
- Sèvis pou Manman ak Timoun:**

- *Tranche ak Akouchman:* yon (1) yon moun pou bay sipò ak yon (1) doula alafwa san restriksyon nan tan
- *Apre akouchman:* yon (1) moun pou bay sipò ak yon (1) doula alafwa soti 12è PM rive 8è PM
- *Inite pou tibebe ki fenk fèt:* yon (1) paran/responsab legal alafwa soti 12è PM rive 8è PM

5. **Pasyan pedyatri yo:** yon (1) paran/responsab legal/moun pou bay sipò san restriksyon nan tan.

**B. Operasyon ak Pwosed Menm Jou yo:**

Pasyan ki ap sibi operasyon ak pwosed menm jou yo ka gen yon moun avèk yo nan etablisman an. Moun sa a ka rete avèk pasyan an pandan premye pwosesis admision an; li ka vin jwenn pasyan an ankò pou pwosesis egzeyat la. Vizitè yo pa ka rete nan lopital la pandan pwosed a ak moman pasyan nan sal retablisman an, sof pou zafè pedyatri, akouchman ak pasyan ki gen andikap entèlektyèl, devlopmantal oswa lòt andikap koyitif yo.

**C. Randevou pou Pasyan ki pa Entène (Suit):**

1. Yon (1) vizitè pou pasyan ki gen andikap entèlektyèl/devlopmantal/koyitif.
2. Yon (1) Paran/Responsab legal pou pasyan pedyatri yo.
3. Yon (1) vizitè pou granmoun ki gen andikap fonksyonèl. Pasyan sa yo bezwen pou yon lòt moun ede yo soutni kò.

**Tout vizitè yo DWE:**

- i. Gen 18 lane oswa plis.
- ii. Depiste pou lafayèv ak nenpòt lòt sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, oswa pou wè si yo te an kontak ak yon moun yo jwenn ki gen COVID-19. Yo p ap kite vizitè yo antre si yo gen sentòm COVID-19 la avèk lafayèv oswa san lafayèv.
- iii. Byen lave men yo anvan yo kite yo antre nan lopital la.
- iv. Mete yon mas pou figi oswa kouvri figi yo toutan ak nenpòt lòt Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki ka nesesè ak espesifik pou pasyan an.
- v. Respekte prensip distans sosyal la pandan vizit la.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele Biwo Eksperyans Pasyan (Office of Patient Experience) nou nan (718) 270-1111.

Mèsi pou konpreyansyon ou ak kowoperasyon ou.

Patricia A. Winston, MS, RN  
Interim SVP/Managing Director

PAW/ba